



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN SEMÈN KLIMA A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 13.8 MILYON DOLA POU PWOTEJE DLO PWÒP AK SIPÒTE KILTIVATÈ NEW YORK YO NAN BATAY KONT CHANJMAN KLIMATIK**

***Finansman yo bay pou 33 pwojè agrikòl pral ede kiltivatè atravè Eta a amelyore kalite dlo nan basen vèsan ki gen priyorite yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te bay plis pase 13.8 milyon dola pou 33 pwojè nan eta a atravè Pwogram pou Kontwole ak Redui Sous Polisyon Agrikòl Dispèse Eta a. Finansman an sipòte pwojè prezèvasyon kalite dlo, ki pral benefisye 80 fèm, amelyore kalite dlo nan basen vèsan priyorite yo ak pwoteje anviwònman an. Anons sa a fèt pandan Semèn Klima 2023 epi li fè pati angajman Gouvènè Hochul pran pou pwoteje resous natirèl ak anviwònman eta a atravè ajanda klimatik prensipal Eta New York.

"Eta New York te depi lontan yon lidè nan batay kont chanjman klimatik, epi jodi a, mwen fyè pou m di ke n ap kontinye eritaj sa a ak seri finansman sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Prezève anviwònman nou an kòmanse nan asire kominote nou yo atravè eta a gen resous pou aplike metòd dirab ak pi bon pratik jesyon. Pwojè sa yo pral pwoteje dlo pwòp atravè Eta New York epi ede kiltivatè New York yo kontinye travay yo pou diminye enpak klima — sa k ap kreye yon avni pi briyan pou tout moun".

33 pwojè yo te bay 22 Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo konte yo ap soutni planifikasyon anviwònman nan fèm ak mizanplas meye sistèm pratik jesyon (Best Management Practice, BMP) pou anpeche eleman nitritif ak lòt polyan posib yo antre nan kouran dlo yo, ankouraje sante sòl la ak ede fèm yo vin pi rezistan a chanjman klimatik ke presipitasyon ekstrèm lakòz. BMP enkli yon varyete mezi, tankou enstale tanpon vejetatif arebò kouran dlo yo, plantasyon kilti ki kouvri, amelyorasyon jesyon sibstans nitritif yo atravè estokaj fimye, ak lòt mezi konsèvasyon.

Yo te akòde 29 sibvansyon pou Pwogram pou Kontwole ak Redui Sous Polisyon Agrikòl Dispèse bay:

- **Lwès New York:** 764,876 dola pou travay avèk sis fèm
- **Finger Lakes:** 2,869,595 dola pou travay avèk 28 fèm
- **New York Santral:** 5,548,936 dola pou travay avèk 23 fèm

- **Southern Tier:** 2,381,037 dola pou travay avèk sèt fèm
- **Mohawk Valley:** 1,166,366 dola pou travay pou travay avèk twa fèm
- **North Country:** 844,882 dola pou travay avèk nèf fèm
- **Mid Hudson:** 248,211 dola pou travay ak kat fèm

Pou yon lis konplè pwojè yo akòde sibvansyon yo, tanpri vizite [sitwèb](#) Depatman Agrikilti ak Mache a (Department of Agriculture and Markets).

An repons a anons Faz 29 la, Depatman an te resevwa 96 pwopozisyon pou finansman. Pami aplikasyon yo, 46 fèm te aplike pou asistans pou rekòt kouvèti sou apeprè 10,117 ekta tè, ak 61 fèm te aplike pou tanpon rivyè sou 40 ekta tè kouran dlo oswa rivyè.

Pandan 29 dènye ane ki sot pase yo, Eta New York te sipòte pwojè ki kouvri plis pase 600 basen vèsan ki separe atravè Eta a, ki gen ladan plis pase 1000 sistèm patiraj wotasyonèl preskri ki gen ladan yon varyete pi bon pratik jesyon ki kreye patiraj kontinyèl pou amelyore sante tè a epi eskli bèt nan resous dlo nan sifas yo. Pwojè jesyon eleman nitritif ak konsèvasyon fimye ke pwogram lan sipòte ede fèm yo ekilibre aktivman òf eleman nitritif la ak demann pou eleman nitritif pou kilti a, sa ki bon pou anviwònman an epi amelyore eksplwatasyon fèm nan. Yo kreye plis pase 324 ekta bann pwoteksyon bò dlo pou filtre eleman nitritif ak sediman, pwoteje dlo sifas, estabilize bò dlo yo, amelyore abita akwatik la epi redui konsekans inondasyon.

Anplis, plis pase 4,856 ekta pratik travay redui te aplike epi plis pase 58,679 ekta kilti pwoteksyon tè te plante pou ede prevni ewozyon, amelyore sante tè a, epi ogmante matyè òganik nan tè a, ki kenbe plis imidite pou demann kilti yo pandan tout sezon kwasans lan. Kilti pwoteksyon tè yo kenbe kabòn tou, k ap ede kiltivatè New York yo konbat chanjman klimatik la. Nan faz 29 pwogram sa, y ap mete anplas plis pase 7,689 ekta kilti kouvèti. Tanpon bò dlo se yon lòt pratik ki mennen nan yon potansyèl konfiskasyon kabòn ki wo nan tè agrikòl Eta nou an, anplis li ofri benefis pou kalite dlo. Y ap mete anplas plis pase 20 ekta tanpon èbase epi ki bwaze pandan faz 29 la.

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare,** "Jerans anviwònman an ak dirabilite agrikòl te toujou mache men nan men, se poutèt sa pwogram sa yo tèlman enpòtan. Kiltivatè New York yo angaje yo nan agrikilti nan yon fason ki diminye anprent yo sou anviwònman an epi pwoteje resous natirèl nou yo. Finansman sa a pral ba yo zouti yo bezwen pou yo aplike pwogram jesyon anviwònman ki dirab ak rantab ki pral pwoteje resous natirèl New York pou ane k ap vini yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo konte nou yo atravè eta a, ak sètènman, tout fèmye ki te aplike pou resevwa lajan sa yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la, Basil Seggos, te deklare,** "Pandan New York ap kontinye sibi konsekans chanjman klimatik yo sou lavi chak jou nou, kounye a li pi enpòtan pase tout tan pou nou investi nan efò pou amelyore rezistans ak pwoteje resous natirèl yo pou jenerasyon k ap vini yo.

Sibvansyon 13.8 milyon dola yo anonse jodi a se yon investisman enpòtan pou sipòte efò kiltivatè ak kominote agrikòl New York yo ap kontinye ap fè pou pwoteje resous dlo ak bon jan kalite tè, yon fason pou kenbe operasyon agrikòl ak sipòte kwasans ekonomik atravè eta a".

**Prezidan Komite Konsèvasyon Tè ak Dlo Eta New York la, Dale Stein, te deklare,** "Felisitasyon pou benefisyè Pwogram Sibvansyon Sous Polisyon Agrikòl Dispèse ane sa a. Fèm sa yo ap kontinye tradisyon lontan fèm New York yo k ap travay pou amelyore ak ranfòse anviwònman an sou tè yo. New York nan tèt peyi a nan zafè travay anviwònmantal kiltivatè yo fè sou tè yo pou prezève, pwoteje ak amelyore anviwònman an pou jenerasyon k ap vini yo".

**Prezidan Komite Agrikilti Sena a, Senatè Michelle Hinchey, te deklare,** "Kòm jesyonè resous natirèl nou yo, kiltivatè New York yo travay di nan fason ki enkwayab pou pwoteje resous tè ak dlo nou yo pou pwodui manje lokal ki bon pou lasante, ke nou depann de yo. Pwogrè anviwònmantal New York konekte ak patenarya solid ak kominote agrikòl nou an, epi pwogram sibvansyon ki dire lontan sa a pral ede kiltivatè nou yo kontinye travay enpòtan sa a".

**Prezidan Komite Agrikilti Asanble a, Manm Asanble Donna Lupardo, te deklare,** "Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo nou yo travay di pou pwoteje resous natirèl New York yo atravè planifikasyon ak pwomosyon pi bon pratik. Pwogram Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a ba yo resous ki nesèsè pou devlope solisyon inik nan fèm pou fèmye New York yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a, Ag & Markets, ak kòlèg lejislatif mwen yo paske yo sipòte prevansyon kontaminasyon dlo atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman an. Mwen ta renmen remèsye tou kiltivatè yo k ap resevwa lajan sa yo pou jere anviwònman yo".

Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la ap administre Pwogram pou Kontwòl ak Redui Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a an kowòdonasyon avèk Komite Konsèvasyon Sòl ak Dlo (Soil and Water Conservation Committee) Eta New York la. Pwogram lan fè pati kad Jesyon Anviwònmantal Agrikòl la (Agricultural Environmental Management), ki se yon efò ki pi global k ap ede kiltivatè yo reyalize pi bon kalite pwoteksyon anviwònmantal ak sistèm agrikòl ki pi efikas ak pi rantab.

Pwogram pou Kontwòl ak Redui Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a apiye efò Eta a pou bay pwoteksyon ki istorik pou kalite dlo, ki enkli angajman 3.5 milya dola san presedan pou asire ke tout Nouyòkè gen aksè nan dlo ki pwòp ak mezi agresif li te pran pou konbat chanjman klimatik la.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Anba lidèchip Gouvènè a, Eta New York kontinye nan tèt nasyon an avèk pwogram solid li a nan zafè klima ak enèji pwòp. Kòm yon pati nan pi gwo inisyativ klima Eta a, plizyè pwogram agrikòl ki administre atravè Depatman Agrikilti ak Mache a ede pwoteje kalite dlo nan fèm yo ak prezève tè agrikòl yo. Investisman prensipal Eta New York nan

enfrastrikti dlo pwòp totalize 5 milya dola depi 2017. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Bidjè 2023-24 adopte a gen ladan 500 milyon dola nan finansman dlo pwòp, ki gen ladan sipò kontinyèl pou Pwogram Agrikilti ki Rezistan a Klima (Climate Resilient Farming, CRF), anplis Pwogram Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a, ki toulede bati sou efò eta a pou bay pwoteksyon istorik pou kalite dlo. Pwogram CRF ak Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a sèvi kòm yon eleman nan kad Jesyon Anviwònmanal Agrikòl (Agricultural Environmental Management, AEM) la, ki se yon efò ki pi global k ap ede kiltivatè yo reyalize pi bon kalite pwoteksyon anviwònmanal ak sistèm agrikòl ki pi efikas ak pi rantab.

Anplis de sa, Depatman an se yon pati entegral nan Konsèy Aksyon Klimatik Eta a, ki te fèk fini yon seri sesyon kòmantè piblik sou Plan Kadraj li a. Plan Kadraj la pral sèvi kòm fondasyon pou fason New York pral redwi emisyon gaz a efè sè epi atenn emisyon nèt zewo, ogmante itilizasyon enèji renouvlab, epi asire tout kominote yo benefisye yon fason ekitab nan tranzisyon enèji pwòp.

Eta New York te atenn tou yon etap enpòtan nan pwoteje tè agrikòl ki gen anpil valè ak ki an danje atravè pwogram Sibvansyon sou Aplikasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl (Farmland Protection Implementation Grant, FPIG) li a. Apati ane sa a, pwogram FPIG la te ede prezève plis pase 43,401 ekta tè agrikòl New York atravè pwojè sèvitid konsèvasyon ki te konplete yo ki totalize plis pase 250 milyon dola sou apeprè 370 fèm.

Nan mwa septanm 2022, inisyativ Eta New York la, NYS Connects: Pwojè Fèm ak Forè ki Entelijan fas ak Klima a (Climate Smart Farms and Forests) te resevwa tou 60 milyon dola sibvansyon nan kad opòtinite finansman pou Patenarya pou pwodui debaz ki entelijan fas ak klima Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA) an. Pwojè a, ke Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta a dirije, se youn nan 70 pwojè yo chwazi sou plan nasyonal pou resevwa finansman federal pou ede ankouraje pwopriyetè agrikòl ak forè yo adopte pratik ki entelijan fas ak klima epi konekte pwodui agrikòl ak forè yo ak konsomatè yo atravè devlopman mache a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418